

Èske oumenm oswa yon manm fanmi w te travay nan Rafinri Petwòl St. Croix an sou zile Vyèj Ameriken yo?

Si ou panse ou te ekspoze ak amyant (asbestos) nan Rafinri Petwòl St. Croix an epi ou te resevwa yon dyagnostik oswa ou malad avèk yon maladi anrapò avèk amyant, ou dwe depoze reklamasyon ou kont HONX oplita a 5:00 p.m. (Lè Zòn Santral) nan dat 17 Mas 2023.

Sa se yon avi ofisyèl Tribinal Fayit la te apwouve. Li pa yon bagay ki soti kay yon avoka.

- Tanpri, li avi sa a ak anpil atansyon paske li ka gen enpak sou dwa ou kont HONX, Inc. (“HONX”).
- Hess Oil Virgin Islands Corporation (“HOVIC”), ki rele kounye a HONX, te konstwi, posede, epi opere yon Rafinri Petwòl soti 1965 jiska 1998 nan St. Croix, Zile Vyèj Ameriken yo. Travayè yo nan Rafinri Petwòl sa a (ak manm fanmi yo epi lòt moun ki te vin antre an kontak avèk travayè sa yo) gendwa te ekspoze ak amyant ant 1965 ak 1998. HONX te depoze yon dosye fayit kounye a.
- **Si w pa depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant oplita nan dat 17 Mas 2023 a 5:00 p.m. (Lè Zòn Santral) ou pral pèdi dwa pou nenpòt posiblite konpansasyon nan men HONX.**
- Pou depoze yon reklamasyon, ou kapab itilize Fòm Prèv Reklamasyon pou Amyant Tribinal Fayit la apwouve a. Ou ka depoze yon reklamasyon nan www.StCroixClaims.com oswa ou ka voye Prèv Reklamasyon w pa kourye nan adrès ki endike nan paj 4 la.

DWA LEGAL OU YO AK CHWA OU GENYEN NAN DOSYE FAYIT SA A	
DEPOZE YON PRÈV REKLAMASYON	Sèl fason pou jwenn konpansasyon nan men HONX pou nenpòt maladi ou genyen kounye a anrapò avèk amyant se pou w depoze yon prèv reklamasyon. Si w gen sentòm men ou poko resevwa yon dyagnostik pou yon maladi anrapò avèk amyant, ou dwe soumèt yon reklamasyon.
PA FÈ ANYEN	Si w pa depoze yon prèv reklamasyon, ou p ap resevwa okenn konpansasyon nan men HONX pou maladi anrapò avèk amyant ou gen kounye a.

- Yo eksplike dwa ak opsyon ou yo ak plis detay nan avi sa a.

ENFÒMASYON DEBAZ

1. Pou kisa yo te bay avi sa a?

HONX te depoze yon dosye fayit chapit 11 nan Tribinal Fayit Etazini pou Distrik Sid Texas (“Tribinal Fayit”). Tribinal Fayit la te fikse yon dat limit pou depoze reklamasyon kont HONX pou ekspozisyon ak amyant nan Rafinri Petwòl la nan St. Croix, Zile Vyèj Ameriken yo (“Rafinri Petwòl” la) ant 1965 ak 1998 (gade nan Kesyon 2 an pou plis enfòmasyon sou HONX).

Afè sa a rele *In re HONX, Inc.*, No. 22-90035 (Bankr. S.D. Tex.). Jij Tribinal Fayit k ap sipèvize afè a se Jij Marvin Isgur.

Tribinal Fayit la te otorize HONX pou li enfòme demandè pwobab yo, sa gen ladan travayè nan Rafinri Petwòl la, manm fanmi pa yo, ak lòt moun ki te ka vin an kontak avèk amyant nan Rafinri Petwòl la. Ou gen dwa pou w depoze yon reklamasyon kont HONX nan dosye fayit la si ou te ekspoze ak amyant apati Rafinri Petwòl la. Ou oblije depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant nan dat **17 Mas 2023 a 5:00 p.m. (Lè Zòn Santral)** oswa anvan dat sa.

2. Kisa HONX ye?

HONX se yon sosyete Hess Corporation posede, yon konpayi mondyal lwil ak gaz. HONX te konstwi, posede, epi opere yon Rafinri Petwòl nan St. Croix, Zile Vyèj Ameriken yo soti 1965 jiska 1998. Pandan tan HONX te konstwi, posede, ak opere Rafinri Petwòl la, li te rele HOVIC. HONX se yon konpayi ki p ap opere, ki gen kòm aktivite prensipal li defann kont amyant ak lòt dispit anrapò avèk pwopriyete ak operasyon anvan li yo nan Rafinri Petwòl la.

An 1998, HONX te asosye li avèk yon filyal konpayi petwòl nasyonal, Venezyela, Petròleos de Venezuela, S.A., pou fòme HOVENSA L.L.C, kote yo chak posede yon enterè patisipasyon 50%. HOVENSA t ap opere Rafinri Petwòl la depi Oktòb 1998 jouk li te fèmen an 2015.

3. Kisa Chapit 11 ye?

Chapit 11 Kòd Fayit la pèmèt yon debite (pati ki deklare fayit la) swa reyòganize oswa vann (likide) biznis li pou benefis kredite li yo, detantè enterè yo, demandè yo ak lòt pati yo. Objektif prensipal yo nan chapit 11 se:

- Pwopoze yon plan reyòganizasyon (pou jere dèt yo oswa reklamasyon yo) oswa likidasyon (lavant byen yo pou peye dèt oswa reklamasyon yo),
- Fè demandè (detantè reklamasyon yo) oswa investisè ki kalifye yo vote pou aksepte oswa rejte plan an, epi
- Mete plan an ann aplikasyon apre tribinal la apwouve li.

KESYON? 1-855-345-6272 (SAN FRÈ) OSWA 949-236-4562 (ENTÈNASYONAL),
OSWA ALE SOU WWW.STCROIXCLAIMS.COM

REKLAMASYON POU AMYANT

4. Kisa amyant ye?

Amyant se yon fib yo te konn itilize kòm izolasyon nan fil, tiyo, chodyè, dèlko, separatè vapè, ponp, vav, tablo elektrik, gaskèt, materyèl anbalaj, tibin, konpresè, siman, ak tiyo an siman.

Maladi anrapò avèk amyant yo ka grav anpil epi yo gen ladan maladi tankou mezotelyòm, kansè poumon, kansè larenjit, kansè ezofajyen, kansè farenjit, kansè nan lestomak, asbestoz, ak nemokonyoz. Maladi anrapò avèk amyant ka rive plizyè deseni apre ekspozisyon ak amyant ki te lakòz maladi a.

5. Kòman pou m konnen si m gen yon Reklamasyon pou Amyant?

Nan fayit sa a, yon Reklamasyon pou Amyant se nenpòt reklamasyon pou depans oswa domaj ki soti nan, oswa ki anrapò avèk, nenpòt blesi, maladi, oswa lanmò anrapò avèk amyant ke ou te vin konnen (ki manifeste, vin parèt aklè, oswa ke yo te dyagnostike) anvan 28 Avril 2022. Reklamasyon pou amyant yo genyen ladan: (1) sa yo ki te depoze kont HONX men yo pa te rezoud, rejte, oswa regle epi (2) sa yo ki poko depoze kont HONX.

Ou ka gen yon reklamasyon si ou kwè nenpòt nan sa ki annapre la yo se te rezilta ekspozisyon ou ak amyant oubyen pwodui oswa materyèl ki gen amyant nan yo ki soti nan Rafinri Petwòl la: blesi kòporèl, lanmò, maladi, pwoblèm medikal, detès emosyonèl, laperèz pou kansè, siveyans medikal, oswa lòt blesi pèsònèl (kit yo fizik, emosyonèl, oswa otreman).

6. Kimoun ki ta dwe depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant?

Nenpòt moun ki kwè yo gen yon reklamasyon kont HONX pou maladi anrapò avèk amyant dwe soumèt yon reklamasyon pou yo ka kalifye pou konpansasyon nan men HONX. Moun yo te ka ekspoze ak amyant si yomenm oswa yon manm fanmi yo te travay nan Rafinri Petwòl la kòm yon anplwaye oswa kontraktè, oswa nan nenpòt lòt wòl. Reklamasyon yo kapab depoze tou nan non yon manm fanmi ki mouri, ki enkapab, oswa ki se yon minè.

Si w gen sentòm men yo poko fè yon dyagnostik maladi anrapò avèk amyant pou ou, ou dwe soumèt yon reklamasyon pou w konsève dwa w pou konpansasyon nan men HONX.

7. E si m pa fin konnen toujou si m gen yon Reklamasyon pou Amyant?

Ou ta dwe konsilte yon avoka si ou gen nenpòt kesyon, sa gen ladan konsènan si ou ta dwe depoze yon reklamasyon.

KÒMAN POU DEPOZE YON PRÈV REKLAMASYON POU AMYANT

8. Kòman mwen ka depoze Prèv Reklamasyon m pou Amyant?

Si ou pa te deja soumèt yon reklamasyon nan dosye fayit sa a, ou dwe soumèt yon Prèv Reklamasyon pou Amyant oplita a **5:00 p.m. (Lè Zòn Santral)** nan dat **17 Mas 2023**. Si ou gen kesyon ou ka kontakte avoka ou oswa rele nan 1-855-345-6272 (san frè) oswa 949-236-4562 (entènasyonal) pou w pale avèk Ajan Reklamasyon an. Ajan Reklamasyon an ka bay enfòmasyon sou fason pou depoze yon reklamasyon, men li pa ka ofri okenn konsèy legal.

Ou kapab kontakte Komite Ofisyèl Kreyansye San Garanti yo tou (Committee of Unsecured Creditors) nan HONXClaimantInfo@akingump.com.

Tanpri voye Prèv Reklamasyon pou Amyant ou an nan youn nan sa ki annapre la yo:

Pa kourye, kourye lannwit, oswa livrezon men nan men	Anpasan pa Sitwèb Dosye Fayit la
HONX, Inc. Claims Processing c/o Stretto 410 Exchange, Suite 100 Irvine, CA 92602	Ale nan www.StCroixClaims.com

9. Ki enfòmasyon mwen dwe bay nan Prèv Reklamasyon pou Amyant lan?

Ou pral gen pou w ranpli yon fòm prèv reklamasyon epi bay (a) enfòmasyon sou relasyon w genyen avèk Rafinri an; (b) enfòmasyon sou tip ak baz dyagnostik ou an; epi (c) bay enfòmasyon sou pwosè ak lòt fidisi (trust) kote ou ka te resevwa peman anrapò avèk domaj ou an.

Tout enfòmasyon sansib ki devwale nan fòm prèv reklamasyon an pral transmèt pa mwayen yon pòtay konfidansyèl pou asire yo pa rann piblik okenn enfòmasyon sou sante konfidansyèl oswa lòt enfòmasyon pèsònèl.

**KESYON? 1-855-345-6272 (SAN FRÈ) OSWA 949-236-4562 (ENTÈNASYONAL),
OSWA ALE SOU WWW.STCROIXCLAIMS.COM**

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

10. Kisa ki ta ka debloke dapre plan reyòganizasyon an?

Tanpri konnen se HONX ki sèl Debitè a nan dosye sa a. Si ou panse ou ka gen yon reklamasyon kont nenpòt lòt òganizasyon pou maladi anrapò ak amyant ou an, ou dwe pran lòt aksyon lajistis anplis pou w prezève epi pouswiv reklamasyon sa. Pou nou kapab klè, reklamasyon kont HOVIC yo fè pati fayit sa a tou.

Tanpri n ap fè w konnen, nan fayit sa a HONX gen entansyon chèche yon liberasyon ak enjonksyon avèk manman konpayi li an, Hess Corporation, anpasan pa Kòd Fayit la, ki gen ladan san limitasyon 11 U.S.C. § 524(g), anrapò avèk nenpòt responsablite pwobab Hess Corporation ta ka genyen pou Reklamasyon pou Amyant yo. Tribinal Fayit la pa te detèmine si depo yon Prèv Reklamasyon pou Amyant kont Debitè a siyifi li gen otorite sou reklamasyon w lan kont Hess. Si Tribinal Fayit la apwouve yon liberasyon ak enjonksyon, dispozisyon sa yo ta ka anpeche ou depoze yon pwosè kont HONX oswa Hess Corporation anrapò avèk nenpòt Reklamasyon pou Amyant. Olye sa, yon Plan pwopoze pou HONX ta ka kanalize reklamasyon sa yo nan yon fidisi (trust) pou demandè ki gen maladi anrapò avèk amyant. Tanpri konnen okenn pati nan fayit sa a poko pwopoze oswa aksepte yon Plan. Yon fwa li vin disponib, ou dwe egzamine ak anpil atansyon tèks konplè a pou plan pou liberasyon reyòganizasyon an, enjonksyon, ak dispozisyon asosye yo epi nenpòt dispozisyon liberasyon ki aplikab nan www.StCroixClaims.com.

11. Kisa k ap pase si m pa depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant?

Si ou pa soumèt yon Prèv Reklamasyon pou Amyant ki ranpli ba Ajan Reklamasyon an nan dat **17 Mas 2023 a 5:00 p.m. (Lè Zòn Santral)** oswa anvan dat sa, ou gendwa pa kapab:

- Vote sou plan reyòganizasyon HONX lan, oswa
- Resevwa nenpòt konpansasyon nan dosye fayit HONX lan pou Reklamasyon pou Amyant ou gen kont HONX aktyèlman.

Ou ta dwe konsilte yon avoka konsènan Avi sa a ak konsènan si ou ta dwe depoze yon Prèv Reklamasyon pou Amyant.